

# Konsèy pou Travayè Repons pou Katastwòf Devèsman Petwòl la

## Siy Posib Konsomasyon Alkòl ak Itilizasyon Dwòg



### Liy Dirèk

Liy èd pou detrès devèsman petwòl la  
Liy pou rele gratis: 1-800-985-5990  
TTY: 1-800-787-3224

Liy Dirèk Nasyonal pou Rapòte Vyolans  
Domestik (National Domestic Violence Hotline)  
Liy pou rele gratis: 1-800-799-SAFE (7233)  
TTY: 1-800-787-3224

Liy Nasyonal Sovtaj pou Prevansyon Swisid  
(National Suicide Prevention Lifeline)  
Liy pou rele gratis: 1-800-273-TALK (8255)  
TTY: 1-800-799-4TTY (4889)  
Sit wèb: <http://www.suicidepreventionlifeline.org>

### Lokalizatè Tretman

Liy Èd SAMHSA pou Rekòmandasyon pou Tretman  
(SAMHSA Treatment Referral Helpline)  
Liy pou rele gratis: 1-800-662-HELP (4357)  
TTY: 1-800-487-4TTY (4889)  
Sit wèb: <http://www.samhsa.gov/treatment/>

### Biwo Santral Enfòmasyon

Rezo SAMHSA pou Enfòmasyon sou Sante  
(SAMHSA Health Information Network)  
Liy pou rele gratis: 1-877-726-4727  
TTY: 1-800-487-4TTY (4889)  
Sit wèb: <http://www.samhsa.gov/shin>

### Resous Itil

Sant Asistans Teknik pou Katastwòf (Disaster Technical  
Assistance Center) (DTAC) nan SAMHSA  
Liy pou rele gratis: 1-800-308-3515  
Imèl: [DTAC@samhsa.hhs.gov](mailto:DTAC@samhsa.hhs.gov)  
Sit wèb: <http://www.samhsa.gov/dtac>  
Pou jwenn enfòmasyon espesifik sou  
rekòmandasyon nan leta, tanpri kontakte  
SAMHSA DTAC.

Nòt: Si ou mete yon resous nan fèy enfòmasyon  
sa a, sa pa vle di Sant pou Sèvis Sante  
Mantal (Center for Mental Health Services),  
Administrasyon Sèvis pou Abi Estipefyan ak Sèvis  
Sante Mantal (Substance Abuse and Mental  
Health Services Administration), oswa Ministè  
Sante Piblik Etazini ak Sèvis Imèn (Department  
of Health and Human Services) ap apwouve li.

SMA10-4605Hai/Creo  
Revised (Revize) 10/4/2010 - Haitian Creole

Travay repons pou katastwòf devèsman petwòl ki nan Kòd Gòlf la se yon travay ki difisil ni sou plan fizik ak emosyonèl. Ekspozisyon nan domaj nan anvivonman an ak kondisyon travay difisil kapab lakòz plis estrès pami anpil travayè repons pou katastwòf devèsman petwòl la. Kèk ladan yo kapab konsome alkòl oswa pran dwòg pou yo siviv. Si oumenm oswa youn nan kòlèg travay ou ap bwè alkòl oswa ap pran dwòg pou siviv avèk anpil estrès, pale avèk yon moun sou fason pou diminye oswa sispann konsomasyon alkòl la oswa itilizasyon dwòg la. Gen èd pwofesyonèl yo ki disponib. Siy avètisman sa yo asosye souvan avèk pwoblèm konsomasyon alkòl oswa itilizasyon dwòg, ak lòt pwoblèm fizik oswa emosyonèl. Lis ki anba yo se pa lis pou itilize pou ranplase yon evalyasyon avèk yon founisè swen sante kalifye.

### Endikatè Fizik/Emosyonèl

- Moun nan gen sant alkòl nan bouch li oswa marigwana sou rad li.
- Moun pa ka konprann pwononsyasyon li oswa l ap begeye; bagay li di yo pa fè sans.
- Moun nan dilate (agrandi) oswa ratresi (endike) nwa zye.
- Moun nan gen latranblad (ap tranble oswa sekwe men li ak popyè zye li).
- Moun nan twò anime.
- Moun sanble kò li lage oswa li kòmanse dòmi fasil.
- Moun nan montre move kowòdinasyon oswa li pa estab (pa egzant, mache-tranble, pa ekilibre).
- Moun nan pale trè vit oswa trè dousman.
- Imè moun nan ap balanse (monte ak desann).

- Moun nan sanble gen laperèz oswa gwo enkyetid; li gen atak panik.
- Moun nan sanble enpasyon, eksite, oswa akaryat.
- Moun nan vin ankòlè oswa awogan ofi-amezi.

### Atitid Pèsonèl/ Endikatè Konpòtman

- Moun nan pale sou fason pou li vin dwoge.
- Moun nan konpòte li san reflechi oswa yon mannyè ki pa apwopriye.
- Moun nan demanti, bay manti, oswa kache laverite.
- Moun nan pran risk ki pa nesèsè oswa li aji yon mannyè ki pa pridan.
- Moun nan vyole oswa defòme règ, triche.
- Pa ale nan travay, randevou; oswa rive sou.

### Endikatè Koyitif/Mantal

- Moun nan gen pwoblèm pou konsantre oswa pou konsantre sou djòb la.
- Moun nan sanble distrè oswa dezoryante.
- Moun nan fè chwa ki pa apwopriye oswa ki pa rezonab.
- Moun nan gen pwoblèm pou pran desizyon.
- Moun nan pa gen memwa pandan yon ti tan.
- Moun nan toudi.
- Moun nan bezwen pou yo respekte enstriksyon yo souvan pou li.
- Moun nan gen pwoblèm pou sonje detay li konnen.
- Moun nan bezwen èd souvan pou fè fòm travay òdinè.



U.S. DEPARTMENT OF HEALTH AND HUMAN SERVICES  
Substance Abuse and Mental Health Services Administration  
Center for Mental Health Services  
[www.samhsa.gov](http://www.samhsa.gov)